

BAB I

BUBUKA

1.1. Kasang Tukang

Dina generasi pangwangunan saperti ayeuna, atikan mangrupa hal anu utama dina nangtukeun tur ngaronjatkeun kualitas hiji generasi. Atikan miboga udagan pikeun nataharkeun manusa sangkan bisa mintonkeun peran dina rupa-rupa lingkungan kalawan bener. Kitu deui fungsi atikan dina kontéks kabudayaan. Éta hal kacida pentingna, lantaran salah sahiji fungsina nya éta pikeun ngawariskeun ajén-inajén humanistik/kamanusan anu sumberna tina budaya bangsa atawa leuwih dipikawanoh ku sebutan kaarifan budaya lokal.

Guguritan mangrupa salasahiji warisan budaya lokal (Sunda) anu dianggit maké aturan pupuh jeung unggal pupuh téh miboga karakter atawa watek séwang-séwangan, di antarana aya silih asih, gumbira, kaagungan, jeung piwuruk. Éta karakter dina pupuh téh dipaké ku pangarang guguritan pikeun nepikeun maksud, tujuan, jeung amanat ka nu maca. Guguritan kaasup kana wanda puisi (buhun) anu tangtu diksi jeung pakakas basa anu dipakéna gé teu ngaguluyur kawas prosa. Ku kituna perlu disurahan deui struktur luar (puisi) pangwangun éta rumpaka saperti diksi, imaji (implengan), kecap kongkrit (kecap nyata), jeung basa figuratif (gaya basa) anu hasilna bisa dipaké pikeun ngulik jeung neuleuman eusi anu nyampak dina éta rumpaka guguritan.

Haji Hasan Mustapa (HHM) kaasup pangarang anu produktif jeung kréatif. Wangun karya-karya HHM anu kapaluruh loba wandana, lain dina wangun dangding (puisi) wungkul tapi aya ogé dina wangun carita, anékdote, surat, jeung tanya-jawab. Ieu hal saperti anu ditétélakeun ku Ruhaliah (2009) yén wangun karya HHM téh aya nu mangrupa prosa, puisi, campuran prosa-puisi, jeung prosa-paguneman. Tina sawatara wanda karya HHM tadi, upama dibandingkeun jumlah karyana, leuwih loba dina wangun puisi (dangding).

Kiwari, HHM téh geus dianggap bujangga pangbadagna dina kasusastraan Sunda. Éta hal lain dilantarankeun ku tingkat kuantitas karyana anu loba, tapi dina kualitasna ogé onjoy.

“ dina segi kualitas, karya-karya Haji Hasan Mustapa geus dipikawanoh ku masarakat umum minangka karya anu kualitasna hadé.”
(Rusyana, 1980: 2)

Cutatan bieu mangrupa pamadegan kana salasihiji karya HHM, nya éta guguritan. Dina khazanah kasusastraan Sunda, guguritan téh kaasup kana puisi anu dijieun dumasar kana patokan pupuh, jeung dipintonkeunna ku cara ditembangkeun (Rusyana, 1980:1). Salian ti ditembangkeun (lisan), aya ogé guguritan anu sumebar dina wangun tulisan saperti dina majalah, koran, jeung buku. Kapanggih sawatara pangarang anu geus nganggit guguritan ti abad ka-19, di antarana R. Haji Muhamad Musa (1822-1866), R.A. Bratadiwijaya, R. Haji Abdulsalam, jeung Haji Hasan Mustapa¹ (1852-1930). Di antara pangarang guguritan tadi HHM kawilang anu pangnyongcolangna. Sanajan dianggap pangpandeurina dina entraganna, tapi ieu ulama ogé bujangga téh kungsi dilélér sawatara pangajén, saperti dipaparin pangajén ku Gupernur Jawa Barat saméméh taun 1965, ogé pangajén kasenian ti Presiden Republik Indonesia minangka “Sastrawan Daerah Sunda” dina taun 1977 (Rosidi, 1989: viii). Ku kituna, kiwari HHM geus dianggap bujangga Sunda pangbadagna. Éta pangajén téh minangka bukti yén HHM mangrupa pangarang anu boga kualitas jeung kuantitas hadé. Hadé dina nganggit wangun karya katut nepikeun eusi karyana. Sanajan kitu, karya-karyana mah teu pati dipikawanoh ku urang Sunda sorangan (Rosidi, 1989:viii).

HHM katitén bujangga anu ahli dina ngaréka jeung ngutak-ngatik basa. Dina ngagambarkeun tujuan atawa eusi dina rumpaka, HHM ngadumaniskeun antara ayat Al-Quran jeung hadis anu patali jeung alam pikiran budaya Sunda, saperti alam pawayangan, mitologi, jeung kapercayaan séjénna. Rasa diri (abdi) ka Pangéran (Allah) mindeng digambarkeun ku HHM dina karyana. Ampir kabéh karya HHM eusina mangrupa ajén-ajén atawa sistem réligiusitas kaislaman anu ceuk sawatara panalungtik mah tingkat agamana geus nepi ka tingkatan ma’rifat, malah aya nu nyebutkeun bujangga mistik. Karakteristik saperti kitu nyampak dina kabudayaan Sunda, nya éta sipat gampang narima (adaptif), tapi teu

¹ Baca riwayat Haji Hasan Mustapa, bab 2 kaca 16.

ngaleungitkeun tradisi anu dianggap luhung dina budaya Sunda. Éta hal katitén dina cara milih diksi anu dipaké pikeun nyusun guguritan. Salasahiji contona nya éta:

Kasukaan sapanjangna,
icis *lailatul godri*,
riabna salalawasna,
saeusi bibit birahi,
syahru romadhonaladzi,
unzila fihilqur'an,
hudan tepi ka wal furqan,
rapih abdi lawan Gusti,
kafurqonan pisah di rasaning dunya
(tina *Sinom Barangtaning Rasa* – pada 37)

Upama nilik kana wangun dangding di luhur, basa atawa pakakas linguistik séjénna, saperti gaya basa, babasan, paribasa, jsb., dina dangding HHM mangrupa ébréhan sorangan di luareun tata basa anu baku. Katitén dina nyusun kekecapanna ogé lain struktur basa anu umum (ti sagigireun ngudag guru lagu jeung guru wilangan dina pupuh). Dina milih kecap atawa diksi pikeun nganggit guguritan, aya dua ciri utama anu nerap dina karya-karya HHM, nya éta (1) ayana serepan basa Arab atawa Quran jeung Hadis (saperti anu dicaritakeun saméméhna), jeung (2) lobana kecap-kecap anu kurang *familiar* utamana pikeun panyatur basa Sunda kiwari. Ciri nu kadua némbongkeun kualitas rumpaka guguritan HHM anu teu biasa. Éta rumpaka digelarkeun ku cara némbongkeun idiom jeung métafora dina wangun séjén, saperti mindengna maké rarangkén tengah –um-, rarangkén tungtung –ing, jeung rarangkén hareup me- saperti dina basa Indonesia. Dina ngagunakeun rarangkén tengah /-um-/, sakapeung HHM sok nyimpenna di awal kecap, contona kecap *uméta* anu jarang dipaké dina paguneman sapopoé urang Sunda. Dina buku *Tata Bahasa dan Ungkapan Bahasa Sunda* meunang Kats & Soeridiradja (1982) ogé, kecap samodél *uméta* teu kapanggih. Rarangkén séjén anu mindeng dipaké dina karya HHM téh nya éta rarangkén tukang /-ing/ anu mangrupa pangaruh tina basa Jawa, saperti kecap *alaming*, *sirnaning*, jeung *barangtaning*. Sedengkeun anu paling ngirut, ayana kecap ‘meletus’ jeung ‘meletik’ dina padalisan ‘meletus bijil ti laku/ meletik bijil

ti biwir' dina guguritan *Puyuh Ngungkung dina Kurung* (Setiawan, 2009). Kecap 'meletus' jeung 'meletik' dina tata basa Sunda kiwari teu kapanggih sabab euweuh rarangkén hareup /me-/. Éta hal dibalukarkeun ku HHM anu sok nyiptakeun kekecapan sorangan anu teu ilahar pikeun balaréa.

Hal séjénna anu matak ngirut tina guguritan HHM téh nya éta tipografi atawa tatarupa dina unggal pada atawa padalisan rumpaka guguritan. Tatarupa di dieu téh nya éta kabiasaan HHM malikan deui engang atawa kecap panungtung hiji padalisan dibalikan deui dina padalisan atawa pada saterusna.

Bayana cocoba <i>diri</i>	}	engangna dibalikan deui dina padalisan saterusna
<i>dirina</i> hurip warasna		
naon nu tapak baréto		
tobat kula rék nyarita		
talapak nu sasmita		
taun-taun windu-windu	}	kecap panungtung dina hiji pada dibalikan deui dina mimiti pada saterusna
di dunya bedas <i>lalana</i>		
<i>Lalana</i> ti barang lahir		
.....		

(*Asmarandana nu Kami*, pada ka-2 jeung 3)

Saterusna, dumasar kana sababaraha katerangan, guguritan HHM anu sakitu rébuan pada téh lolobana lain hasil tulisan HHM sorangan. Jadi HHM anu nembangkeun (nganggit) guguritanna, sedengkeun anu nulisna mah asisténna, nya éta Wangsaatmadja jeung Wangsadiredja. Sanggeus bérés ditulis, éta guguritan téh ditingalikeun ka HHM salaku panganggitna, upama éta tulisan téh saluyu jeung anu diungkarakeun ku HHM, éta tulisan téh tuluy ditandatangani sarta dibéré cap kapanghuluan (*Hoofd* Panghoeloe Bandung). Ku kituna aya ciri anu ngabédakeun guguritan anggitan HHM jeung guguritan anggitan pangarang séjén anu sajaman.

Upama tadi medar perkara fisik anu unik tina guguritan HHM, dina perkara eusina ogé sarua nyimpen hal-hal anu matak ngirut pikeun neuleumanana. Dina katerangan anu disebutkeun saméméhna yén HHM kaasup bujangga anu mistik (Setiawan, 2009:11), rumpaka guguritan anu dianggitna mangrupa pangalaman pribadi anu ngan bisa diteuleuman tur disurahan ku nu nganggitna. Tapi lain hartina nu maca teu bisa méré interpretasi séjén kana eusi karyana, sabab

HHM méré lolongkrang interprétasi di antara diksi-diksi anggitanna. Éta hal teu leupas tina kaahlian pangarang dina nepikeun eusi atawa ma'na ajén-ajén humanistik sacara holistik. Ku kituna sakapeung nu maca ngarasa hélok niténan karya-karya anu éndah basana, anu ditepikeun ngaliwatan lisan - ditembangkeun, bari di jerona nyampak runtuyan ajén-ajén kaarifan, étika jeung éstétika kahirupan (Suryalaga, 2010: 20-21).

Dina guguritan-guguritan karya HHM ogé kapanggih ajén anu mangrupa atikan (papatah, piwuruk, naséhat, pangéling, panggeuing) dina enggoning nyuprih kasampurnaan hirup di dunya katut ahérat. Loba kajadian anu méngpar dina proses pangwangunan sabab éta élmu teu dipaké jeung teu dipaliré (Alwasilah, 2009: 12). Ku kituna penting pisan pikeun ngaguar jeung nepikeun élmu pangaweruh ngeunaan ajén-ajén kaarifan lokal. Sabab élmu-élmu anu sipatna humanistik nyekel kalungguhan anu séntral dina prosés pangwangunan.

Keterangan-keterangan di luhur nuduhkeun yén HHM téh lain pangarang anu biasa, jeung kaasup pangarang anu boga kualitas sarta kuantitas anu teu biasa. Nurutkeun Kern (dina Kartini, 1985: 2-3) HHM mah (ceuk anjeunna kénéh) geus ngahasilkeun dangding anu jumlahna antara 10.000 nepi ka 20.000 pada. Naskah HHM anu pernah kapaluruh ku Rosidi (1989: 493) jumlahna aya 94 naskah, 23 naskah dina wangun prosa, jeung 71 dina wangun puisi. Éta naskah-naskah téh, aya 18 jilid naskah anu kabéh dibéré judul “Aji Wiwitan”, jeung pernah diketik (ulang) ku M. Wangsaatmadja dina taun 1960 dumasar paréntah Prof. Dr. Husein Djajadiningrat (salaku pimpinan di Museum Pusat Jakarta). Salian ti éta, aya 10 karya HHM anu geus diterbitkeun mangrupa buku. Éta 10 buku mimiti dicitak ti taun 1913 (*Bab Adat-adat Urang Priangan jeung Urang Sunda Lian ti Éta*) nepi ka taun 1976 (*Gendingan Dangding Sunda katut Wirahma Jilid A*). Aya ogé naskah anu terbit dina wangun stensilan anu judulna *Gendingan Dangding Haji Hasan Mustapa* jilid anu kaopat dina taun 1961. Kiwari, guguritan HHM geus loba nyampak dina wangun tulisan tapi can sakabéhna dipublikasikeun (diterbitkeun). Aya lima buku di antarana mangrupa guguritan karya HHM anu dipublikasikeun ku Ajip Rosidi dina taun 2009. Éta buku téh *Asmarandana nu Kami* (transliterasi Prof. Iskandarwassid, M.Pd.), *Kinanti Kulu-kulu*, *Sinom*

Barangtaning Rasa, Dangdanggula Sirna Rasa, jeung Sinom Wawarian (transliterasi Dr. Ruhaliah, M.Hum.).

Sanggeus karya sastra buhun loba anu dipublikasikeun, kiwari mimiti loba mahasiswa atawa praktisi atikan anu medar tur ngulik ajén-ajén kaarifan budaya lokal tina karya-karya sastra Sunda buhun saperti guguritan. Pedaranana aya nu ditulis dina wangun makalah, artikel, skripsi, tesis, jeung sajabana. Sababaraha taun ka tukang aya panalungtikan kana guguritan saperti “Ajén Agama Guguritan Haji Hasan Mustapa (Ulikan Struktural jeung Hermeneutik kana Guguritan Kinanti Kulu-kulu) tesis beunang N. Astrini Nursyamsiah (UPI, 2012), “Ulikan Tasawuf dina Guguritan *Sinom Gurinda Pangrasa* karya Raden Haji Muhammad Su’eb (Analisis Struktural jeung Hermeneutik)” tesis beunang Dwi Alia (UPI, 2013), jeung “*Tasawuf Sunda dalam Naskah Asmarandana Ngagurit Kaburu Burit (OR. 7876)*” disertasi Jajang A Rohmana (UIN Sunan Gunung Djati, 2013). Panalungtikan guguritan nu geus aya umumna medar perkara struktur luar (puisi) jeung interprétasi eusi téks ngeunaan ajén agama wungkul saperti panalungtikan di luhur.

Dumasar pamadegan Rusyana (1980: 90), anu nyebutkeun yén “... karya Haji Hasan Mustapa sangat banyak, dan isi serta bobotnya berlainan dengan umumnya guguritan Sunda, maka guguritan karya Haji Hasan Mustapa itu perlu diteliti secara khusus, ...” jeung katerangan di luhur, panalungtik perlu medar karya-karya HHM anu geus kawéntar ku kuantitas jeung kualitasna. Tina lima buku guguritan anu panganyarna diterbitkeun (*Kinanti Kulu-kulu, Sinom Barangtaning Rasa, Asmarandana nu Kami, Dangdanggula Sirna Rasa, jeung Sinom Wawarian*), hiji di antarana dipilih ku panalungtik minangka sumber data, nya éta *Asmarandana nu Kami*. Éta buku dipilih dumasar wanda pupuhna anu kaasup Sekar Ageung dina sastra Sunda, sarta can aya nu medar éta buku.

Ieu panalungtikan boga udagan pikeun nganalisis jeung medar perkara struktur puisi guguritan, jeung medar perkara ajén-inajén étnopédagogik dina tilu buku guguritan karya HHM tadi. Patali jeung éta hal, ieu panalungtikan bakal nyurahan ma’na rumpaka guguritan ku cara medar struktur fisik, interprétasi eusi/ma’na, jeung ajén étnopédagogik anu nyampak dina guguritan karya Haji Hasan

Mustapa kalawan judul panalungtikan “Guguritan *Asmarandana nu Kami* karya Haji Hasan Mustapa (Ulikan Struktural jeung Étnopédagogik)”.

1.2 Rumusan Masalah

Sangkan ieu panalungtikan museur kana maksud jeung tujuan, guguritan karya HHM nya éta *Asmarandana nu Kami* (AnK) bisa ditilik tina struktur jeung eusina. Dumasar strukturna, guguritan minangka karya sastra wangun ugeran anu miboga struktur anu tangtu nya éta aturan pupuh anu ngawengku guru gatra, guru wilangan, guru lagu, diksi, imaji, jeung basa figuratif. Upama ditilik tina eusina, éta guguritan karya HHM ogé ngandung ajén étnopédagogik anu linuhung. Ari ajén étnopédagogik tina guguritan *AnK* karya HHM nyoko kana (1) Prilaku Nyunda Tri-silas, (2) Catur Jatidiri Insan, (3) Panca Rawayan (Gapura Panca Waluya), jeung (4) Moral Kamanusan.

Dumasar kasang tukang jeung masalah anu dipedar di luhur, sarta naon anu dianalisis jeung dipedar dina ieu panalungtikan museur, pasualan dina ieu panalungtikan dirumuskeun saperti ieu di handap:

- a. Kumaha struktur fisik guguritan *AnK* karya Haji Hasan Mustapa?
- b. Kumaha interprétasi eusi dina guguritan *AnK* karya Haji Hasan Mustapa?
- c. Kumaha ajén étnopédagogik anu aya dina guguritan *AnK* karya Haji Hasan Mustapa?

1.3 Tujuan Panalungtikan

Tujuan tina ieu panalungtikan nya éta pikeun mikanyaho jeung ngadéskripsikeun tilu hal, nya éta:

- a. struktur guguritan *AnK* karya Haji Hasan Mustapa,
- b. interprétasi eusi dina guguritan *AnK* karya Haji Hasan Mustapa, jeung
- c. ajén étnopédagogik dina guguritan *AnK* karya Haji Hasan Mustapa.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

Mangpaat tina ieu panalungtikan nya éta pikeun:

- a. méré pangdeudeul kana élmu sastra dina widang puisi guguritan, jeung

pikeun élmu atikan hususna sistem atikan budaya nya éta pangaweruh ngeunaan ajén étnopédagogik tina buku guguritan *Asmarandana nu Kami* karya Haji Hasan Mustapa;

- b. jadi sarana pikeun numuwuhkeun karesep kana sastra Sunda (puisi) buhun; jeung
- c. numuwuhkeun minat jeung karep pikeun ngamumulé sastra buhun, nyaéta guguritan di antara nerekabna pangaruh budaya modérn anu kurang hadé, jeung anu paling penting bisa nerapkeun ajén-ajén étnopédagogik dina kahirupan sapopoéna.

1.5 Sistematika Panalungtikan

Bab I Bubuka. Dina ieu bab dipedar ngeunaan kasang tukang masalah, watesan jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, jeung sistematika tulisan.

Bab II Ulikan Téori. Ieu mangrupa bab anu medar ngeunaan tiori-tiori anu aya dina panalungtikan. Dina ieu bab dipedar leuwih jero ngeunaan guguritan, struktur puisi, jeung étnopédagogik.

Bab III Métodologi Panalungtikan. Ieu mangrupa bab anu eusina medar sumber data, desain panalungtikan, métode panalungtikan, wangenan operasional, instrumén panalungtikan, téhnik panalungtikan, téhnik ngumpulkeun data jeung téhnik ngolah data.

Bab IV Analisis. Ieu bab eusina ngadéskripsikeun hasil panalungtikan. Dina ieu bab diébréhkeun ngeunaan struktur fisik buku guguritan *Asmarandana nu Kami* karya HHM jeung interprétasi eusi sarta déskripsi ajén étnopédagogik dina tilu buku guguritan karya HHM.

Bab V Kacindekan jeung Saran. Dina ieu bab eusina kacindekan tina sakabéh pedaran. Salian ti éta, aya saran anu ditepikeun ku panalungtik pikeun nu maca.